



## Èske ou te blese pandan ou pa te nan travay? Yon gid sou Avantaj pou Andikap



**Workers'  
Compensation  
Board**

Nan New York, anplwayè ki la pou fè pwofi ak anpil nan anplwayè ki pa la pou fè pwofi oblije bay asirans pou andikap. Li peye ou avantaj lajan kach tanporè si ou pa ka travay paske ou te blese oswa tonbe malad deyò travay ou. Sa vle di, ou te fè aksidan an oswa ou te tonbe malad pandan ou pa ta p travay.

### AVANTAJ LAJAN KACH

Avantaj la se 50% nan salè mwayèn ou chak semèn, jiska yon maksimòm \$ 170 pa semèn. Mwayèn salè pa semèn nan baze sou wit (8) semèn avan dènye jou ou te travay la. Avantaj yo peye pou jiska 26 semèn andikap pandan 52 semèn youn dèye lòt. Avantaj yo ka gen taks Sekirite Sosyal sou yo.

Gen yon peryòd datant sèt (7) jou ; avantaj yo kòmanse sou wityèm jou andikap youn dèye lòt la. Ou sipoze resevwa premye peman avantaj la avan kat (4) jou apre 14èm jou andikap la, oswa kat (4) jou travay apre yo resevwa reklamasyon an, sa ki vini pi ta a. W ap touche avantaj yo chak de (2) semèn pandan peryòd andikap la.

Anplwayè yo dwe bay travayè ki kalifye yo yon Fòm Deklarasyon Dwa - Lwa Konsènan Avantaj pou Andikap (**Statement of Rights - Disability Benefits Law**) (Fòm DB-271S) nan senk (5) jou apre yo te aprann anplwaye a gen andikap la.

Dwa ou pou jwenn avantaj yo ka afekte si ou kite travay ou pou rezon ki pa gen rapò ak andikap la.

### GWOSÈS

Yon fanm ka gen andikap nenpòt lè pandan li ansent ak apre li akouche. Fanm ansent ak manman ki fenk akouche yo ka kolekte avantaj pou andikap pandan yo nan konje, epi yo kalifye. Yon doktè oswa fanmsaj enfimyè sètifye dwe sètifye andikap la ak yon rapò medikal. Pafwa yon konpayi asirans ka mande pou plis enfòmasyon medikal detaye pou andikap ki dire plis tan.

Tan pou yon paran pase ak nouvo bebe li se yon nan evènman ki kalifye pou Avantaj Konje Peye pou Fanmi. Sepandan, ou pa ka resevwa avantaj pou andikap ak avantaj Konje Peye pou Fanmi an menm tan. Ale sou sitwèb [ny.gov/PaidFamilyLeave](https://ny.gov/PaidFamilyLeave) oswa rele **(844) 337-6303** pou jwenn plis enfòmasyon sou Konje Peye pou Fanmi.

### PRIM AK PWOTEKSYON

Yon anplwayè kolekte jiska 60 santim pa semèn nan men anplwaye li yo konpanse pou prim asirans andikap la. Kontribisyon an se jiska mwaye yon pousan nan salè a, jiska 60 santim pa semèn.

### ASIRANS CHOMAJ AK ANDIKAP

Si ou p ap travay, ou pa ka kolekte avantaj Asirans Chomaj ak avantaj andikap pou menm peryòd tan an. Si w ap resevwa avantaj Asirans Chomaj epi ou vin andikape ant kat (4) ak 26 semèn apre ou pa nan travay la, ou kalifye pou avantaj pou andikap apatide premye jou andikap la. Sepandan, ou kalifye sèlman si ou pa ka kolekte avantaj Asirans Chomaj paske yon aksidan oswa maladi anpeche w al chèche travay. Depoze yon Avi ak Prèv Reklamasyon pou Avantaj Andikap (**Notice and Proof of Claim for Disability Benefit**) (Fòm DB-450) dirèkteman ak Komisyon Konpansasyon Travayè a.

## PLAN POU ANDIKAP SIPLEMANTÈ

Anplwayè w la ka ofri yon plan asirans andikap siplemantè. Plan Siplemantè gen avantaj ki diferan ak sa yo mande anba asirans ki obligatwa (oswa legal) ki dekri isit la. Piske plan yo ka varye, tanpri kontakte konpayi asirans lan dirèkteman pou jwenn plis enfòmasyon sou avantaj genyen disponib pou ou.

## RESTRIKSYON

Ou pa ka resevwa avantaj andikap si w ap travay. Asirans pou Andikap pa kouvri swen medikal. Ou pa p touche avantaj pou peryòd andikap paske w ap fè operasyon ki pa obligatwa.

Konpayi w ap mande travay pa gen dwa mande w enfòmasyon sou reklamasyon andikap ou genyen avan yo anboche ou.

## FASON POU DEPOZE YON REKLAMASYON

1. Depoze yon Avi ak Prèv Reklamasyon pou Avantaj pou Andikap la (**Proof of Claim for Disability Benefits**) (**Fòm DB-450**) ak travay ou oswa konpayi asirans ou nan 30 jou apre ou vin andikape a. Fòm sa a disponib nan [wcb.ny.gov](http://wcb.ny.gov).

*Kenbe yon kopi pou soumèt ankò si yo pa peye reklamasyon ou a byen vit.*

Si ou reklame li an reta, ou pa p touche pou nenpòt peryòd andikap ki plis pase de (2) semèn anvan dat ou te depoze reklamasyon an. Yo ka aksepte si ou depoze an reta si ou ka montre li pa te rezonabman posib pou pou depoze pi bonè. Yo p ap peye okenn avantaj si ou reklame plis pase 26 semèn apre andikap ou a te kòmanse.

2. Pwofesyonèl swen sante ou dwe ranpli **Pati B** nan **Fòm DB-450**, *Deklarasyon Pwofesyonèl Swen Sante a (Health Care Provider's Statement)*.

## LÒT SIKONSTANS

- **Reklamasyon yo Refize:** Si yo refize reklamasyon w lan, ou gen dwa pou mande pou yo evalye refi a. Soumèt demann ou a bay Biwo Avantaj pou Andikap la nan Komisyon Konpansasyon Travayè yo a nan adrès ki anba la a.

Si w toujou andikape epi avantaj ou yo kanpe avan ou resevwa 26 semèn, ou gen dwa pou soumèt yon demann pou evalyasyon nan Biwo Avantaj pou Andikap la. W ap touche plis avantaj si yo detèmine yon reklamasyon apwopriye ak valid. Kote sa nesèsè, Komisyon an ap pran plis enfòmasyon epi yo ka fè yon odyans sou reklamasyon w lan.

- **Aksidan Machin:** Ou ka resevwa avantaj pou andikap pou yon chòk ou pran nan yon aksidan machin. Avantaj san fot yo ka redwi pandan y ap tann pou detèmine si ou kalifye pou avantaj pou andikap yo.

- **Avantaj Sekirite Sosyal:** Si w ap travay toujou epi w ap resevwa avantaj retrèt Sekirite Sosyal, ou ka kalifye pou avantaj pou andikap. Sepandan, si w ap resevwa avantaj Sekirite Sosyal pou andikap, epi ou depoze reklamasyon pou avantaj andikap Eta New York, ou pral resevwa pi gwo nan de (2) avantaj yo, pa tou de.

Pa egzanp, si avantaj andikap Sekirite Sosyal ou a se \$400, epi avantaj andikap Eta New York ou a se \$170, ou pral sèlman resevwa \$400.

## ASISTANS AK LANG

Komisyon an ap tradui dokiman yo nan nenpòt lang ou bezwen. Epi tou li pral bay yon entèprèt pou odyans ou a, epi l ap toujou gratis. Tanpri rele **(877) 632-4996** pou fè aranjman pou tradiksyon oswa entèpretasyon.

**Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou: [wcb.ny.gov](http://wcb.ny.gov)**

**Pou kesyon sou reklamasyon avantaj pou andikap ou yo, rele: (877) 632-4996**

**Tanpri voye demann oswa lòt korespondans sou reklamasyon w lan bay:**

**Komisyon Konpansasyon Travayè / Biwo Avantaj pou Andikap  
328 State Street  
Schenectady, NY 12305**

Komisyon Konpansasyon Eta New York pwoteje dwa anplwaye yo ak patwon yo lè nou asire bon jan fason yo bay avantaj yo pou moun ki pran chòk oswa ki malad, epitou lè nou ankouraje respè lalwa. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Komisyon Konpansasyon Travayè a, ale sou sitwèb [wcb.ny.gov](http://wcb.ny.gov).

